



Pou Piblikasyon Imedya: 27/07/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL NONMEN BLAKE G. WASHINGTON KÒM DIREKTÈ BIDJÈ

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a nominasyon Blake G. Washington antanke Direktè Bidjè Eta New York. Mesye Washington ap kòmanse manda li sezon ete sa.

"Pandan peryòd enpòtan sa pou avni eta a, mwen pa ka tann pou genyen Blake Washington nan ekip mwen an pandan n ap travay pou redije yon lòt bidjè k ap sèvi bezwen tout Nouyòkè," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk plizyè ane nan sèvis piblik ak yon konesans pwofon de pwosesis bidjè a, Blake se lidè pafè pou pran gouvènay Divizyon Bidjè a. Mwen rekonesan a zanmi mwen Bob Megna pou travay ekstraòdinè li ak konsèy saj li ane sa epi mwen enpasyon pou obsève lidèchip kontini li nan Enstiti Rockefeller Gouvènman an."

Blake G. Washington ap sèvi aktyèlman kòm Sekretè Komite Metòd ak Mwayen (Ways and Means Committee) nan Asanble Eta New York la, kote li konseye Prezidan ak Manm Asanble yo sou tout kesyon bidjè ak kesyon fiskal. Mesye Washington te travay pou Komite Metòd ak Mwayen an depi 2002, li te sèvi anvan kòm Direktè Etid Bidjè, Direktè Etid Bidjè Adjwen ak kòm yon Analis Bidjè Lejislatif.

Mesye Washington te kòmanse karyè li antanke yon Kontwolè Jidisyè nan Depatman Jidisyè Konte Sullivan (Sullivan County Probation Department) epi li te pran diplòm mastè ak lisans li alafwa nan UAlbany. Li abite nan Rejyon Kapital la ak madanm li ak pitit fi li.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418